


La Bib pou ti moun prézanté

Jonas ak gwo pwason an



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Jonathan Hay
Alastair Paterson

Adapté pa : Mary-Anne S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Sa genyen plizyè lane, te gen yon
nonm yo te rele Jonas ki t ap viv nan
peyi Izrayèl. Yon jou, Bondye te
di li pou l ale Niniv, vil ki
pi gwo ak ki pi pisan
nan mond lan.




Jonas te dwe al avèti moun ki te rete nan vil la Bondye te konnen yo te mechan.




3

Jonas te dezobeyi Bondye ! Olye pou li te ale Niniv, Jonas te monte nan yon bato ki t apral nan direksyon opoze a, ki prale Tasis.




4

Senyè Bondye te voye yon gwo van sou lanmè a. Se te yon gwo tanpèt ! Maren yo te pè pou bato a pa te kraze fè miyèt moso epi koule.



5

Tanpèt la t ap vin pi mal tanzantan. Maren yo te pè anpil, yo te priye dye yo epi yo te voye tout bagay ki te nan bato a nan lanmè pou fè l pi lejè. Men, pa gen anyen ki te mache.



6

Jonas se te sèl moun ki te nan bato a ki pa t ap priye. Okontrè, li te kouche nan fon bato a, li t ap dòmi. Kapitèn bato a te jwenn li. "Kijan w fè ap dòmi ? Leve monchè ! Priye dye w la ! Petèt lè sa a, dye w la ava sonje nou epi l ava sove nou."



7

Lè sa a, maren yo te deside tout pwoblèm yo te genyen yo te gen yon rapò ak Jonas. Li te di yo li t ap fui Bondye. Yo te mande li : "Kisa n apral fè avè w pou lanmè a ka kalme bò kote nou ?" Jonas te reponn : "Pran mwen, lage m nan lanmè a. Mwen sèten se mwen ki lakoz tanpèt vyolan sa a te rive."



8

Maren yo pa te vle lage Jonas nan lanmè a. Kidonk, yo te rame ak fòs pou yo rive sou rivaj la, men yo pa te kapab. Yo te gen yon sèl bagay ki te rete pou yo fè !



9

Aprè yo te fin priye pou padon yo, maren yo te leve Jonas epi yo te lage li nan lanmè a. Pandan Jonas t ap disparèt anba vag yo, lanmè a te kalme epi van an te diparèt. Yo dwe te konnen nan moman sa a se sèlman Bondye ki te kapab fè yon bagay konsa. Yo te pè epi yo te sezi an menm tan, yo te adore SENYÈ a.



10

Pandan tan sa a, mesaj dezobeyisan an te genyen yon gwo sipriz. Jonas te koule pou gremesi, li te konnen pa gen anyen ki te ka anpeche li nwaye. Li ta dwe nwaye — men Bondye te gen lòt plan pou li.




11

SENYÈ a te voye yon gwo pwason pou vale Jonas. Pwason an te rive a lè ! Yon sèl kou epi Jonas pa te nan dlo a ankò men nan vant pwason an. Jonas te rete anndan pwason an pandan twa jou. Li te genyen anpil tan pou l reflechi ak priye.



12

Aprè twa jou, Jonas finalman te fè Bondye pwomès pou l obeyi Li. Menm kote a, Bondye te pale ak pwason an, ki te vomi Jonas sou plaj la.




13

Yon lòt fwa ankò, Bondye te mande Jonas pou l ale Niniv pou li preche bon pawòl la. Fwa sa a, Jonas te ale ! Jonas te antre nan vil la, pandan li t ap rele byen fò : "Nan karant jou, Niniv pral detwi."



14

Abitan Niniv yo te kwè nan pawòl Bondye a. Yo te sispann manje epi yo te mete rad dèy pou yo te montre Bondye yo te regrèt peche yo. Menm wa a te bese tèt li devan Bondye. Li te desann sou twòn li, li te mete rad dèy, epi li te chita nan sann dife. Li te bay tout pèp la lòd pou yo abandone move abitud yo ak vyolans yo epi pou yo priye pou SENYÈ a padone yo.




15

Bondye te PADONE YO ! Se te dwe yon bèl jounen nan Niniv lè pèp la te reyalize Bondye te padone yo. ... Men, te gen yon moun ki te fache anpil : Jonas !



16

Poukisa Jonas te fache ? Li te di Bondye : "Mwen te konnen ou se yon Bondye ki plen konpasyon ak mizèrikòd, pasyan ak plen lanmou." Alavèrite, Jonas te konnen Bondye toujou padone moun ki regrèt peche yo epi ki obeye Pawòl Bondye. Ta sanble Jonas pa te renmen pèp Niniv la. Li pa te vle pou Bondye te padone yo.



17

Jonas te tèlman fache avèk Bondye jouk li te di : "Kite mwen mouri. Lanmò pi bon pase lavi."



18

Jonas te chita deyò vil la, ap tann pou l wè sa Bondye pral fè apre sa. Senyè Bondye te fè yon plant pouse ak gwo fèy. Li te grandi byen vit epi li te bay Jonas lonbray, li te pwoteje l kont gwo solèy cho a.



19


Nan denmen maten, Bondye te voye yon vè ki te touye plant lan. Apre sa, Senyè a te voye yon gwo van cho ki te soufle sou Jonas jouktan li te panse li t'apral mouri. Tout bagay sa yo te fè Jonas fache pi plis toujou.



20


Aprè sa, Senyè a di Jonas : "Èske w gen rezon pou w fache konsa ? Ou te gen pitye pou plant sa a, ki pa te mande w travay. Ou pa te fè li pouse. Li te grandi nan yon sèl nwit epi li te mouri nan yon

sèl nwit."



21

"Poukisa mwen pa ta dwe genyen pitye pou Niniv, gwo vil sa a avèk plizyè milye moun k ap viv ladan li yo ?"



22

Jonas ak gwo pwason an


Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Jonas

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

23



26



60

24

Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa : "Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

25